



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEZYÈM FAZ PRIM FON MOMANTÒM MID-HUDSON POU AKSELERE DEVLOPMAN LOJMAN NAN TOUT REJYON AN**

***60 milyon dola nan finansman dezyèm faz la pral sipòte 10 pwojè estratejik pou konstwi nouvo lojman, amelyore enfrastrikti enpòtan epi debloke potansyèl devlopman alavni***

***Prim yo kontinye priyore kominote ki an favè lojman ak devlopman pou itilizasyon mik, ki akse sou transpò piblik nan kad Pwogram Kominote an Favè Lojman Gouvènè a***

***Aprann plis bagay sou Fon Momentum Mid-Hudson lan nan [esd.ny.gov/momentum](https://esd.ny.gov/momentum)***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a dezyèm faz sibvansyon nan kad Fon Momantòm Mid-Hudson lan, ki bay plis pase 60 milyon dola pou sipòte dis pwojè ki pote transfòmasyon atravè rejyon Mid-Hudson lan. Sibvansyon sa yo pral ogmante 627 milyon dola nan investisman piblik-privé total pou amelyorasyon enfrastrikti kritik ak pwojè pou itilizasyon mik ki pral pèmèt devlopman nouvo lojman enpòtan nan konte Orange, Rockland, Sullivan, Ulster, ak konte Westchester. Pwojè yo varye ant nouvo devlopman lojman pou itilizasyon mik ak plizyè revni rive nan enstalasyon tretman dlo esansyèl ak enfrastrikti egou ki ansanm pral debloke plis pase 8,000 nouvo inite lojman, plis pase 2,000 ladan yo pral abòdab.

"Dezyèm Faz sibvansyon Fon Momantòm Mid-Hudson lan reflekte apwòch pro-aktif nou pou adrese gwo mank lojman nan Nouyòk pandan n ap ranfòse enfrastrikti ki nesèsè pou kominote k ap pwospere e ki rezistan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan garanti dlo pwòp nan Konte Orange rive nan revitalize sant vil Mount Vernon, investisman estratejik sa yo demontre patenarya kontinyèl nou ak Kominote an Favè Lojman yo ki sipòte aktivman kwasans ak opòtinite ekonomik."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Dis pwojè sa yo reprezante apwòch vizyonè Nouyòk ap adopte pou adrese bezwen lojman imedya nou yo ak defi enfrastrikti ki te limite devlopman an depi lontan. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap investi nan sistèm

fondamantal ki pral sipòte kwasans dirab ak opòtinite ekonomik nan tout rejyon Mid-Hudson lan pou plizyè deseni k ap vini yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "10 pwojè Momantòm Mid-Hudson yo ki te anonse jodi a apiye sou premye faz finansman an, konplete Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Communities Program) inovan Gouvènè a, epi yo pral bay yon egzanp fòmèl pou kominote yo nan tout Hudson Valley. Lè nou invest nan travay fondamantal kritik ki nesè pou debloke 8,000 nouvo opòtinite lojman divèsifye nan kominote ki Sètifye an Favè Lojman yo atravè rejyon an, n ap demontre angajman nou anve solisyon entegre ak global ki ogmante rezèv lojman an pandan y ap pozisyon kominote yo pou siksè epi fè yo vin kote ki vibran kote rezidan ak biznis yo ka pwospere."

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson (Mid-Hudson Regional Economic Development Council, MHREDC), Doktè Marsha Gordon ak Doktè Kristine Young te deklare,** "Investisman estratejik sa yo atravè Fon Momantòm Mid-Hudson lan enpòtan anpil pou adrese bezwen lojman ak enfrastruktir rejyon nou an, pou ouvri chemen pou yon kwasans ekonomik dirab. Divèsite pwojè sa yo—soti nan sistèm dlo esansyèl rive nan devlopman pou itilizasyon mik—fè avanse dirèkteman priyorite devlopman ekonomik rejyonal nou yo epi mete kominote nou yo nan pozisyon pou pwospere alontèm. Ansanm, yo reprezante yon gwo pa annavan nan kreye kominote rezistan, amelyore kalite lavi a, epi debloke tout potansyèl rejyon Mid-Hudson lan."

**Reprezantan George Latimer, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul ak lidè eta yo pou investisman kontinyèl yo nan Konte Westchester. Se pa yon sekre ke rejyon nou an bezwen plis lojman, epi nou bezwen li rapidman. Mwen kontan anpil wè yo chwazi Yonkers, Port Chester, Mount Vernon ak New Rochelle pou resevwa finansman pou amelyorasyon enfrastruktir epi pou reyalize pwojè pou mik ak pwojè ki akse sou transpò piblik. Investisman estratejik sa yo pral ranfòse kominote nou yo epi fè yo pi agreyab pou moun viv ladan yo pou plizyè ane k ap vini yo."

**Lidè Majorite a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare,** "Anba lidèchip mwen, majorite Sena nou an te priyorize investisman ki ranfòse katye yo epi bati kominote vibran, e prim Fon Momantòm Mid-Hudson sa yo pou Bridgewater North nan Ludlow Station ak The Abbey on Park se egzanp angajman sa a. Pwojè transfòmasyon sa yo pral kreye nouvo kay ki gen kalite siperyè nan Yonkers, sa k ap amelyore katye nou yo ak devlopman pou itilizasyon mik, ki akse sou transpò piblik ki bay opòtinite pou tout rezidan yo. Mwen fyè pou m defann inisyativ ki asire Yonkers kontinye pwospere kòm yon vil enklizif, akeyan, ak dinamik pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, kòlèg Majorite Sena mwen yo, ak patnè Asanble nou yo pou devouman kontinyèl yo pou invest nan pwojè kominotè atravè Nouyòk."

**Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare,** "Mwen kontan anpil dèske yo te chwazi Vilaj Port Chester ak Vil Yonkers pou resevwa finansman nan dezyèm tou Fon Momantòm

Mid-Hudson lan, ki vize amelyore enfracstrikti ak disponiblite lojman. Alokasyon 10 milyon dola pou pwojè ki gen rapò ak devlopman ansyen sit United Hospital la nan Port Chester pou elaji lojman abòdab ak lojman pou granmoun aje yo, ansanm ak plis pase 10 milyon dola pou devlopman miks ki akse sou transpò piblik nan Yonkers pral sipòte anpil kwasans kontinyèl kominote dinamik nou yo. Mwen fyè pou m reprezante toulede kominote sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul sensèman pou investisman sa a nan Westchester."

**Senatè Eta, Michelle Hinchey, te deklare,** "Pwojè Konvèsyon Quality Inn nan Kingston an reponn a bezwen ijan pou lojman pèmanan ak sipò nan Konte Ulster—ede vwazen nou yo ki pi nan bezwen jwenn estabilite atravè yon modèl ki konbine lojman an sekirite, alontèm ak sèvis sou plas. Se yon investisman byen reflechi nan retabli diyite ak kreye opòtinite nan yon fason ki pral san dout amelyore lavi moun epi ranfòse kominote nou an. Mwen fyè dèske mwen defann pwojè sa a pandan plizyè ane, epi mwen kontan anpil dèske l ap resevwa 2.5 milyon dola anplis nan sipò eta atravè Fon Momantòm Mid-Hudson lan, epi mwen remèsye Gouvènè a pou patenarya kontinyèl li a."

**Manm Asanble Steve Otis te deklare,** "Fon Momantòm Mid-Hudson lan se yon pwogram esansyèl pou sipòte pwojè devlopman ekonomik enpòtan nan rejyon nou an. Finansman sa a pral yon èd enpòtan pou moun ki resevwa sibvansyon yo k ap bati pwojè dinamik nan Port Chester ak New Rochelle. Mèsi a Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan Empire State Development, PDG ak Komisè Hope Knight, Sena a, ak Asanble a paske yo te rann finansman vital sa a posib."

**Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare,** "Sèl fason pou rezoud kriz mank lojman an se bati plis lojman. Mwen bat bravo pou Fon Momantòm Gouvènè a pou konstwi plis lojman nan Mid-Hudson Valley. Mwen te fyè pou sipòte pwogram vital sa a nan Bidjè Eta a."

**Egzekitif Konte Westchester, Ken Jenkins, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan adrese kriz lojman an atravè Eta Nouyòk. Isit la nan Konte Westchester, n ap travay di pou nou konstwi plis lojman abòdab, epi investisman Fon Momantòm lan chanje tout bagay nan ogmante kantite moun ki pral gen yon kote cho pou yo rele lakay yo. Finansman sa a pral ede devlope 2,000 nouvo inite lojman abòdab nan Hudson Valley. Sa pa sèlman gen pou wè ak konstwi bilding—li gen pou wè ak kreye kominote dinamik ak ekitab kote tout moun gen opòtinite pou yo pwospere, kounye a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

**Mike Spano, ki se Majistra Yonkers, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul ak Delegasyon Eta a paske yo te abòde pwoblèm lojman an epi fè li tounen yon priorite, sitou isit la nan Yonkers. Antanke Majistra twazyèm pi gwo vil nan Eta Nouyòk, enpòtans devlopman ki aske sou transpò piblik pèmèt rezidan nou yo ak fanmi nou yo gen aksè ak yon pi bon kalite lavi toujou."

Fon Momantòm Mid-Hudson lan kontinye priyorize lokalite ki demontre angajman yo an vè kwasans dirab atravè pwogram Kominote an Favè Lojman Gouvènè Hochul la. Kominote k ap senplifye pwosesis pou jwenn pèmi yo aktivman epi k ap adopte règleman an favè devlopman yo resevwa priyorite pou finansman eta diskresyonè. Nèf nan dis pwojè k ap resevwa finansman jodi a sitiye nan Kominote an Favè Lojman ki sètifye, epi pwojè ki rete a sitiye nan Vilaj Monticello, ki te soumèt yon Lèt Entansyon pou l vin sètifye.

Gouvènè Hochul te prezante Fon Momantòm Mid-Hudson lan ki estime a 150 milyon dola a an 2023 kòm yon pati nan efò konplè li pou ogmante rezèv rezidansyèl nan Nouyòk, adrese pwoblèm abòdablite lojman, epi ankouraje kwasans rejyonal dirab. Pwojè yo chwazi yo aliyen ak plan estratejik Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan, pou demontre sipò piblik, bay inite abòdab, epi amelyore enfrastrikti pou fasilite ogmantasyon dansite lojman. Nan tou de faz finansman yo, pwogram nan kounye a envesti plis pase 127 milyon dola nan pwojè ki kouvri tout sis konte Mid-Hudson yo, sa ki demontre enpak rejyonal Fon an ak apwòch konplè li pou adrese defi devlopman nan tout Mid-Hudson Valley. Pwojè sa yo pral debloke plis pase 10,600 inite lojman, ki gen ladan plis pase 3,400 inite abòdab.

### **Benefisyè prim Dezyèm Faz yo:**

- **10 milyon dola pou Pwojè Aplikasyon Sant Tretman Dlo Kiryas Joel (Konte Orange)** – Dènye konpozan Pwojè Koneksyon Kanal Catskill ki gen plizyè faz la, nouvo sant tretman dlo sa a pral garanti yon rezèv dlo ki estab epi ki esansyèl pou plizyè nouvo devlopman lojman ka kontinye. Pwojè a pèmèt vilaj la konvèti pi ki egziste deja yo an sistèm sekou, retire yon baryè enpòtan nan kwasans lojman epi kreye 5,229 inite, ki gen ladan 1,047 inite abòdab. Pri total pwojè an te plis pase 52.5 milyon dola.
- **10 milyon dola pou Amelyorasyon Enfrastrikti Vil Ramapo (Konte Rockland)** – Amelyorasyon enfrastrikti kritik ki gen ladan apeprè 3 km (2 mil) nouvo tiyo egou ak yon nouvo konduit dlo k ap sèvi zòn nòdès yo ki pa jwenn ase sèvis. Amelyorasyon sa yo pral adrese defisyanans nan rezèv dlo ak egou sanitè ki aktyèlman anpeche devlopman lojman ak devlopman komèsyal avanse. Avèk yon pri total pwojè a ki rive 20 milyon dola, pwojè sa a pral debloke 1,196 inite, ki gen ladan 296 inite abòdab.
- **10 milyon dola pou Westchester Crossing (Konte Westchester)** – Devlopman enfrastrikti nan ansyen sit United Hospital nan Port Chester, ki gen ladan nouvo sistèm jesyon dlo, egou ak dlo lapli plis wout ak twotwa. Pwojè a pral sipòte devlopman pou itilizasyon miks alavni ak lojman rezidansyèl ak pou granmoun aje avèk 975 inite lojman, ki gen ladan 87 inite abòdab ak pri total pwojè a ki se 25.4 milyon dola.
- **7.5 milyon dola pou Bridgewater North nan Ludlow Station (Konte Westchester)** – Yon devlopman pou itilizasyon miks ki akse sou transpò piblik nan Yonkers ki gen ladan 208 nouvo apatman, ki gen ladan 21 apatman abòdab, magazen ki vann an detay nan redchouse a, yon spa, ak pakin. Pwojè a gen ladan l yon Pwogram Benefis Kominotè konplè ki pral revitalize Pak O'Boyle epi kreye

nouvo Pak ak Promenade Bridge Street la. Montan total pwojè a se prèske 113 milyon dola.

- **5 milyon dola pou QWest (Konte Westchester)** – Yon katalizè pou revitalizasyon anba lavil Mount Vernon k ap ranplase bilding abandone yo ak de nouvo estrikti ki gen inite rezidansyèl ak espas komèsyal. Devlopman an gen ladan yon estrikti pakin ki sipòte yon ogmantasyon dansite nan zòn devlopman ki akse sou transpò piblik vil la. Avèk yon pri total pwojè a ki plis pase 158 milyon dola, pwojè sa a pral debloke 228 inite lojman, ki gen ladan 228 inite abòdab.
- **5 milyon dola pou Stella Faz II (Konte Westchester)** – Yon devlopman transfòmasyon pou itilizasyon mikstoupre estasyon Metro-North New Rochelle la ki gen ladan 126 inite kondominyòm abòdab ak ekipman modèn epi premye klinik dantè abòdab nan vil la. Avèk yon pri total pwojè ki plis pase 100 milyon dola, pwojè sa a ki totalman elektrik epi ki sètifye LEED pral premye kondominyòm abòdab nan Konte Westchester pandan plizyè deseni.
- **4.2 milyon dola pou Redevlopman Shaw Building (Konte Orange)** – Renovasyon depo istorik nan katye Liberty Street la nan Newburgh pou kreye yon espas vibran pou itilizasyon mikstou ak 53 apatman, ki gen ladan 5 apatman abòdab ak inite komèsyal ki gen ladan yon jimnaz, yon restoran, ak estidyo atistik. Pwojè reyitilizasyon adaptatif la a sitiye nan yon distans kote ou ka mache soti nan Bòdmè Istori Newburgh la. Montan total pwojè a se prèske 22 milyon dola.
- **3.75 milyon dola pou The Abbey on Park (Konte Westchester)** – Yon devlopman lojman pou moun ki gen revni mikstou nan Yonkers ak 81 apatman abòdab nan twa bilding, ki konbine reyitilizasyon adaptatif ak nouvo konstriksyon. Amelyorasyon enfrastruktir yo gen ladan amelyorasyon pakin, amelyorasyon aksè, amelyorasyon drenaj, ak entegrasyon teknoloji enèji renouvlab vèt. Montan total pwojè a se prèske 58 milyon dola.
- **2.5 milyon dola pou Monticello Manor Lofts (Konte Sullivan)** – Amelyorasyon enfrastruktir ki sipòte nouvo devlopman pou itilizasyon mikstou, ki akse sou transpò piblik ak 76 inite rezidansyèl, ki gen ladan lojman espesyalize pou moun ki gen andikap ak twoub twomatiz nan sèvo. Avèk yon pri total prèske 37 milyon dola, pwojè sa a gen ladan amelyorasyon sistèm dlo, amelyorasyon wout ak twotwa, teknoloji vèt, ak remedyasyon sit endistriyèl.
- **2.5 milyon dola pou Konvèsyon Quality Inn (Konte Ulster)** – Konvèsyon bilding ansyen otèl Quality Inn nan sa a pral bay 83 inite lojman abòdab, ak espas komèsyal tankou yon pisin pou tretman, biwo sèvis sipò, ak yon sal kominotè. Yo pral renove ansyen restoran an pou mete yon gadri ak yon kwizin komisè. Pri total pwojè a plis pase 41 milyon dola.

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2026 la, Gouvènè Hochul te garanti plis pase 1.5 milya dola nan nouvo finansman eta pou lojman nan tout eta a, sa gen ladan l yon investisman 100 milyon dola pou Kominote ki an Favè Lojman yo pou finanse pwojè enfrastruktir enpòtan pou sipòte devlopman lojman, 100 milyon

dola pou ankouraje devlopman lojman pou moun ki gen revni miks, 50 milyon dola pou premye ane Pwogram Bon pou Aksè ak Lojman (Housing Access Voucher Program) an pou ede fwaye ki nan sitiwayon sanzabri oswa ki an risk pou yo vin sanzabri iminan, ak 50 milyon dola pou konstwi kay pou kòmanse ki pi abòdab, pou site inisyativ lojman sa yo sèlman. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks, finansman kapital, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay yo. Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève prèske 60,000 kay jiska dat.

Bidjè adopte pou ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou lokalite yo jwenn aksè ak jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Jiska dat, plis pase 300 kominote te sètifye.

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)